



Pou Piblikasyon Imedya: 17/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ ANDREW CUOMO BAY DÈNYE ENFÒMASYON SOU REPONS POU
TANPÈT YO NAN REJYON MID-HUDSON**

***Inite Kòmand Mobil Ki Gen Pèsonèl DFS sou plas nan Konte Orange ak Putnam
Pral Bay Asistans Reklamasyon Asirans yo***

***Yo Te Deplwaye Ekip Ak Dwòn DEC ak OFPC yo pou Ranfòse Evalyasyon Domaj
nan Batiman ak Estriktirèl yo nan Konte Orange, Putnam, ak Dutchess***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay jodi a yon mizajou sou repons pou tanpèt lan nan Rejyon Mid-Hudson apre pasaj tanpèt ak loraj ak tònad grav yo ki te frape zòn nan pandan jounen Madi an. Akoz gwo domaj ki ap afekte kay ak pwopriyete yo, pèsonèl nan Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services, DFS) yo pral mete pèsonèl nan inite kòmand mobil yo ki nan Konte Putnam ak Orange ant 10:00 a.m. a 8:00 p.m. jodi a rive jiska Dimanch pou ede abitan ak pwopriyete biznis yo fè depo reklamasyon asirans yo jan sa nesese. Inite Konte Putnam lan pral lokalize nan Valley Town Hall Komin Putnam lan (Town of Putnam Valley Town Hall) epi Inite Konte Orange lan pral lokalize nan Sant Aktivite Vil Newburgh lan (City of Newburgh Activity Center). Anplis, moun ki pa an mezi vizite Sant Kòmand Mobil la ka rele Liy Dapèl pou Katastwòf Depatman an nan 800-339-1759, lendi rive vandredi, 8:30 a.m. rive 4:30 p.m. pou jwenn èd sou kesyon asirans.

“Nou ap kontinye ak efò netwayaj ak rekiperasyon nou yo ak pèsonèl ak resous adisyonèl pou ede abitan ki afekte pa tanpèt Madi yo retounen kanpe sou de pye yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Inite kòmand mobil sa yo enpòtan anpil nan yon sityasyon tankou sa a, kote domaj nan pwopriyete epapiye yo te rive, epi yo pral rete sou plas pou asire ke pwopriyete kay ak pwopriyete biznis yo resevwa asistans ke yo bezwen.”

An plis, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) lan ansanm ak Biwo pou Prevansyon ak Kontwòl Dife (Office of Fire Prevention and Control, OFPC) nan Eta a yo te deplwaye ekip ak dwòn yo pou fè evalyasyon domaj nan batiman ak estriktirèl yo nan Konte Orange, Putnam, ak Dutchess. Videyo dwòn yo pral ede otorite eta ak lokal yo idantifye zòn ki afekte yo ki pa fasilman aksesib sou tèren an nan objektif pou ka asiste yo pi plis ak efò rekiperasyon ak netwayaj yo.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Sou òdonans Gouvènè an, yo te aktive Sant Operasyon Ijans Eta a pou siveyans ki entansifye ak ekip operasyon OEM Eta yo. Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM) Eta a an kontak konstan ak konte ki afekte yo epi yo te deplwaye pèsònèl Divizyon an nan senk Sant Operasyon Ijans konte an ki nan Rejyon Mid-Hudson lan. OFPC te deplwaye 35 pèsònèl pou retire debri ak pye bwa yo, pou asistans pou dezaz, ak evalyasyon domaj nan batiman yo. Resous ke yo te bay ki soti nan dis estòk rejyonal Eta a gen ladan 50 gwo jeneratè, 62 poto limyè, 20 pilye boutèy dlo, ak 36 twonsonez ki gen ekipman sekirite yo.

Depatman Sèvis Piblik nan Eta New York (New York State Department of Public Service)

Sèvis piblik New York yo te ajoute 1,250 travayè pou travay nan kab, pye bwa ak sèvis yo ki soti Vermont, Alabama, Canada, Massachusetts, New Jersey, Maine, ak Pennsylvania sou baz 4,300 travayè aktyèl yo an pou efò restorasyon yo. Yo te deplase ekip yo ale nan zòn ki te sibi pi gwo dega tanpèt la yo, ki gen ladan yo Konte Dutchess, Orange, Putnam, Sullivan, ak Westchester. Anplwaye Depatman an yo pral kontinye siveye efò konpayi sèvis piblik yo ap fè pandan peryòd retablisman apre tanpèt la.

Depatman Sèvis Piblik la te pwolonje orè sèvis Liy Asistans Sant Apèl yo jodi a Jedi 17 Me rive jiska 7:30 p.m., ak nan Vandredi 18 Me soti 7:30 a.m. rive jiska 7:30 p.m., jan sa nesèsè, pou ede kliyan yo nan efò retablisman yo apre tanpèt la. Ou kapab rele Liy Sekou Sant Apèl Depatman Sèvis Piblik la nan 1-800-342-3377.

Aktyèlman la, gen plis pase 78,000 kliyan ki pa gen kouran akòz tanpèt la.

Konte	Entèripsyon yo
Dutchess	8,417
New York	794
Orange	23,348
Putnam	19,180
Rockland	650
Sullivan	14,404
Ulster	3,531
Westchester	7,996

Otorite Thruway Eta New York (New York State Thruway Authority)

Ekip mentnans Otorite Thruway Eta New York yo kontinye retire debri tanpèt yo epi reyalize travay netwayaj pi lwen pase ray gid sistèm Thruway an nan Hudson Valley. Tout sikilasyon to retounen nan nòmalite yo. Otorite Thruway a kanpe prè pou yo ede nenpòt lè yo rele yo.

An plis, Otorite Thruway ap bay twa remòk pou trelè traktè pou transpòte enstalasyon ki gen limyè yo nan Vil Newburgh epi transpòte yon gwo jeneratè ijans nan Prizon Konte Putnam lan.

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil li yo](#), ki disponib pou download gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl TRANSalert k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a [isit la](#). Pou tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl, otomobilis yo ka suiv nou sou Twitter nan @ThruwayTraffic oswa lè yo vizite www.thruway.ny.gov pou yo wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway, ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT)

Depatman an kontinye gen ekip ki angaje nan operasyon netwayaj apre tanpèt lan yo atravè Hudson Valley. Ekip yo te travay an pèmanans pandan orè nan jounen an kote y'ap netwaye pye bwa epi retire debri soti sou otowout yo pandan ke antrepriz sèvis piblik yo ak retire kondiktè elektrik ki tonbe yo. DOT te bay tou ekip ak ekipman pou asiste minisipalite konte ak lokal yo ak efò rekipasyon apre tanpèt yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)